

Kijan pou Mezire Pwogrè timoun nan Pwogram Entèvansyon ki fèt depi nan rasin ak Pwogram Matènèl yo

Bi pwogram entèvansyon ki fèt depi nan rasin ak matènèl yo se pou amelyore lavi jèn timoun, ansanm ak tout timoun enfim yo ak tout fanmi yo. Li enpòtan pou asire w ke Premye Pa lokal yo ansanm ak pwogram matènèl distri pou timoun enfim yo bay bon jan sèvis kalite. Yon fason pou konnen si pwogram sa yo gen enpak sou pwogrè timoun la ap fè pandan ke yo nan pwogram sa yo. Sa ki swiv la montre kijan yo konpile ak itilize yo a nivo leta.

Kijan yo mezire pwogrè timoun la?

Pwogram Premye Pa yo ansanm ak pwogram matènèl pou timoun enfim yo evalye chak timoun ki resevwa sèvis jerans evalyasyon endividyèl ke yo rele Battelle Developmental Inventory, 2zyèm Edisyon (BDI-2). Yo evalye timoun la okomansman pwogram yo epi aprè lè yo kite pwogram yo.

Kisa BDI-2 a mezire?

BDI-2 a chache mezire pwogrè nan devlopman timoun la atravè kominikasyon sosyal, aptitud mouvman, rezoud pwoblèm/ak reflechi ansanm ak aptitud pou jwenn endepandans.

Kijan yo sèvi ak enfòmasyon sa a?

Yo rapòte tout enfòmasyon jeneral konsènan pwogrè timoun ba pwogram gouvèneman federal, lokal ak piblik yo. Enfòmasyon sa a ede pwogram federal, leta ak lokal yo detèmine si pwogram sa yo efèktif ak kijan yo ta kab amelyore yo. Yo pa bay rapò sou enfòmasyon pèsònèl yon timoun oswa fanmi.

Ki kote fanmi yo ka jwenn plis enfòmasyon?

Chak ane, biwo Early Steps State Office la ansanm ak Depatman Edikasyon la Florid prezante yon Rapò anyèl Pèfòmans. Rapò sa yo pibliye nan sit web ki swiv yo:

- The Florida Department of Health, Bureau of Early Steps sit web nan http://www.cms-kids.com/providers/early_steps/reports/program_performance.html
- The Florida Department of Education, Bureau of Exceptional Education and Student Services nan sit web <http://www.fldoe.org/ese>

Ki kote fanmi yo ka jwenn enfòmasyon sou kontak lokal yo?

Local Early Steps

<http://cms-kids.com/home/contact/earlysteps.pdf>

School District Prekindergarten Program for Children with Disabilities

<http://data.fldoe.org/ese/contacts/default.cfm?action=showList&ListID=11>

*Florida Department of Health, Children's Medical Services, Bureau of Early Steps, and
the Florida Department of Education, Bureau of Exceptional Education and Student Services*



Florida Department of Education
Gerard Robinson, Commissioner